दिन–बुधवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–12.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधान मंडलक बजट सत्रक आठम दिन आइ विधान परिषद मे राज्य मे कानून व्यवस्था आ महिला सम्मान एवं सुरक्षाक मुद्दा कऽ लऽकऽ जोरदार हंगामा भेल। एहि दौरान मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवीक बीच बहस सेहो भेल। राबड़ी देवी राज्य मे कानून व्यवस्थाक स्थिति आ महिला सभ पर भऽ रहल हिंसक घटना सभक मुद्दा उठौलनि। एहि पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे राजद कँ सवाल पूछवा सँ पहिने अपन शासनकालक स्थिति मोन पारबाक चाही। ओ कहलनि जे हुनक सरकार महिला सभक सशक्तिकरणक लेल अनेको कार्य कयलक अछि। श्री कुमार कहलनि जे ओ सदन मे वर्ष दू हजार पाँच सँ पहिने आ ओकर बादक स्थिति पेश करताह, जाहि सँ लोक सभकँ वास्तविकताक जानकारी भऽ सकै। मुख्यमंत्रीक बयान पर नाराजगी जतबैत विपक्ष सदन सँ वॉकआउट कयलक।

एम्हर विधानसभा मे विपक्षी सदस्य सभ राज्य मे कानून व्यवस्थाक बिगड़ैत स्थिति पर चर्चाक मांग कऽ लऽकऽ कार्यस्थगनक प्रस्ताव देलक, जेकरा विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव खारिज कऽ देलनि। एकर बाद विपक्षी सदस्य सदनक बीचों–बीच आबि कऽ नारा लगबऽ लगलाह। हालांकि बाद मे सदनक कार्यवाही सुचारू रूप सँ चलल। एम्हर सदनक कार्यवाही शुरू होयबा सँ पहिने भाकपा–मालेक विधायक सभ बंदोपाध्याय कमिटीक सिफारिश सभकँ लागू करबाक मांग कऽ लऽकऽ विधानमंडलक परिसर मे प्रदर्शन कयलक। एकर अलावे राजद सदस्य सभ कानून व्यवस्थाक स्थिति कऽ लऽकऽ विधानसभा पोर्टिको मे सरकार विरोधी नारेबाजी कयलक।

---

राज्य सरकार कहलक अछि जे प्रधानमंत्री आवास योजना, ग्रामिणक तहत चालू वित्तीय वर्ष मे छओ लाख एक्कैस हजार घर सभकँ स्वीकृति देल गेल अछि। ग्रामीण विकास मंत्री

श्रवण कुमार आइ विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे बतौलनि जे एहि मऽ सऽ एकावन हजार छओ सौ एकतालीस घर सभक निर्माण कार्य पूरा भऽ चुकल अछि।

———————————————————————

उप मुख्यमंत्री सह खान आ भूतत्व विभागक मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे कैमूर पर्वतमाला समेत राज्यक अन्य पहाड़ सभसँ पाथरक उत्खनन करबाओल जाएत। आइ पटना मे संवाददाता सभसँ बातचीत मे ओ कहलनि जे एहि सँ राज्य कँ सत्तरि सँ पचहत्तरि हजार करोड़ रुपैया सलानाक बचत हएत। उप मूख्यमंत्री कहलनि अछि जे चालू वित्तीय वर्षक फरवरी महिना धरि खान आ भूतत्व विभाग दू हजार छओ सौ पाँच करोड़ रूपैयाक राजस्व संग्रह कयलक अछि। जे लक्ष्य सँ छओ दशमलव तीन–सात प्रतिशत बेसी अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक द्वारा मॉरिशसक राष्ट्रपति कँ मखान भेँट कयल जएबा पर राज्यक मखान उत्पादक, किसान व निर्यातक सभ प्रसन्नता जतौलनि अछि। ई लोकनि कहला अछि जे हुनक एहि बातक गर्व अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वैश्विक मंच सभ पर मखानक ब्रांड अम्बेसडर के रूपमे नेतृत्व कऽ रहल छथि आ एहि सुपरफूड कँ बढ़ावा दऽ रहल छथि।

———————————————————————

होली पर विधि व्यवस्था ठीक रखबाक लेल मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा सभ जिलाधिकारी लोकनि कँ, पुलिस अधीक्षक आ वरिष्ठ अधिकारी लोकनि कँ सुरक्षा व्यवस्था कड़ा करबाक लेल निर्देश देलनि अछि। संगहि अश्लील गीत सभकँ बजेबा पर प्रतिबंध लगेबाक आ सोशल मीडिया पर कड़ा नजरि रखबाक निर्देश देलनि अछि। सामाजिक सौहार्द बिगारबाक कोशिश करएवला पर तुरंत केस दर्ज करबा एवं शांति समितिक बैठक सभकँ आयोजित करबाक लेल कहल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकतक आ न्यूनतम तापमान मे लगातार बढ़ोतरीक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार अधिकतम तापमान तीस डिग्री सेल्सियस सँ चौंतीस डिग्री सेल्सियस धरि पहुंचि गेल अछि। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे सेहो एक सँ दू डिग्री सेल्सियसक बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल अछि। आइ चौंतीस दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभसँ गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक दरमियान अधिकतम तापमान मे तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि आओर बढ़ोतरी भऽ सकैत अछि।

---

भोजपुर जिलाक बिहिया थाना क्षेत्र अंतर्गत बेलबनिया गाम मे संदिग्ध परिस्थिति मे तीन भाई–बहिनक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, बच्चा सभक पिता आओर एक अन्य बच्चाक स्थिति गंभीर बनल अछि। स्थानीय लोकक अनुसारे जहरीला दूध पीबा सँ सभक मृत्यु भेल अछि। मामिलाक जाँच जारी अछि।

---

वैशाली जिलाक सहदेई थाना क्षेत्रक बाजीतपुर–चकस्तुरी गाम मे एकटा पोखरि मे नहएबाक दरमियान डूबलाह सँ दू गोट किशोरक मृत्यु भऽ गेल।

---

मद्यनिषेद विभागक टीम पटनाक रामकृष्ण नगर आ अगमकुआँ थाना क्षेत्र सभमे छापेमारी कऽकऽ पैंतीस लाख रुपैयाक प्रतिबंधित कफ–सीरप बरामद कयलक अछि। मौका पर सँ तीन टा लोक कैँ गिरफ्तार सेहो कयल गेल अछि।

---

समाप्त भेल।